Уламалар кеңесиниң коронавирус инфекциясы бойынша пәтўасы жәрияланды

Хабарыңыз бар, усы күнлерде пүткил дүньяда коронавирус инфекциясының тарқалыўы үлкен қәўипке айланды. Бүгинги күнде журтымызда да бул кеселлик жуққан пуқаралар анықланды.

Күни кеше Бас ўәзиримиз Абдулла Арипов басшылығында коронавирус темасына арналған брифинг болып өтти.

Бул кеселликтиң кең тарқалып кетпеўи ушын бәрше профилактикалық илажлар толық әмелге асырылып атыр. Әсиресе, түрли жыйналынатуғын илажлар, сейиллер, ойынлар бийкар қылынды. Сондай-ақ, ҳүкиметимиз тәрепинен бәрше диний басқармаларға диний мәресимлерди өткериўди ўақтынша шеклеў бойынша усыныс етилди.

Усыдан келип шығып, Өзбекстан мусылманлары басқармасы Уламалар кеңеси нәўбеттен тыс жыйналыс өткерди. Үлкен Ислам шөлкемлери ҳәм уламалардың пәтўа ҳәм шешимлери үйренилди ҳәм төмендеги пәтўа қабыл етилди:

بِسْمِ اللَّـهِ الرَّحْمَـٰنِ الرَّحِيمِ

اَلْحَمْدُ لله رَبِّ الْعَالَمِينَ وَالْعَاقِبَةُ لِلْمُتَّقِينَ وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَى رَسُولِ الله محمد وَ عَلَى آلِهِ وَ أَصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ أَمَّا بَعْدُ

Өзбекстан мусылманлары басқармасы Уламалар кеңесиниң коронавирус (COVID-19) **инфекциясы тарқалыўының алдын алыў бойынша**

ПӘТЎАСЫ

Динимизде инсанның жаны, итиқады, ақылы, мал-дүньясы ҳәм абройын сақлаў әҳмийетли негизлерден есапланады. Усылардан бирине зыян жететуғын жағдайда шәрият өз көрсетпелерин инсаниятқа жеңиллетеди.

Ҳәммеге мәлим, бүгинги күнде жәҳән ден-саўлықты сақлаў шөлкеми коронавирус – COVID-19 ды пандемия деп жәриялады. Бул кеселлик тийкарынан, ҳаўа-тамшы, қол берип көрисиў киби жағдайларда жуғады. Солай екен, жәмәәт болып топланыў жағдайы бул қәўипли вирустың тарқалыўына себеп болады. Бундай жағдайда төмендеги аят, ҳәдис ҳәм шәръий қағыйдаларда көрсетилген усынысларға әмел етиўге буйырылады: Аллаҳ таала Қураны кәриймде былай деген:

وَلَا تُلْقُوا بِأَيْدِيكُمْ إِلَى التَّهْلُكَةِ وَأَحْسِنُوا إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُحْسِنِينَ

яғный: **“ Өз қолларыңыз бенен (өзлериңизди) өлтирмең. Жақсылық етиң, әлбетте, Аллаҳ жақсылық етиўшилерди жақсы көреди”** (Бақара сүреси, 195-аят).

Бул аятта өлимге себеп болатуғын жағдайлардан ескертилген.0

Әбиў Саъид Худрий разыяллаҳу анҳудан рәўият қылынған ҳәдиси шәрийфте Пайғамбарымыз саллаллаҳу алайҳи ўасаллам:

"لا ضرر ولا ضرار")رواه ابن ماجة والدارقطني (

яғный: ***“ Зыян бериў де, зыян көриў де жоқ”*** деген

Имам Мажа, Имам Дарақутний рәўиятлары.

Демек, ҳәдиси шәрийфте инсан өзине яки басқаларға зыян келтиретуғын себеплерден узақ болыўға буйырылған.

Үлкен фиқҳ китапларымызда:

درء المفاسد مقدم على جلب المصالح

яғный: **“Зыянды жоқ етиў пайда келтириўден алдыңға қойылады”.**

المشقة تجلب التيسير

яғный **“Машақат жеңиллетиўди талап етиледи”** киби фиқҳий қағыйдалар келтирилген. Солардан келип шығып, шәрият инсанға зыян жетиў қәўипи күшейген ўақытта өз көрсетпелерин жеңил тәризде орынлаўға руқсат береди.

Шәриятымыз көрсетпелерине көре, әдеттен тыс қыстаўлы жағдайлар болғанда, мысалы, қатты боран, қатты суўық болғанда мешитке адамлардың шықпаўы үзирли есапланады. Буған төмендеги ҳәдис дәлил болады:

عَنْ عَبْدِ اللهِ بْنِ الحَارِثِ، عَنْ عَبْدِ اللهِ بْنِ عَبَّاسٍ، أَنَّهُ قَالَ لِمُؤَذِّنِهِ فِي يَوْمٍ مَطِيرٍ" :إِذَا قُلْتَ :أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ، أَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللهِ، فَلَا تَقُلْ :حَيَّ عَلَى الصَّلَاةِ، قُلْ :صَلُّوا فِي بُيُوتِكُمْ"، قَالَ :فَكَأَنَّ النَّاسَ اسْتَنْكَرُوا ذَاكَ، فَقَالَ" :أَتَعْجَبُونَ مِنْ ذَا؟!، قَدْ فَعَلَ ذَا مَنْ هُوَ خَيْرٌ مِنِّي، إِنَّ الْجُمُعَةَ عَزْمَةٌ، وَإِنِّي كَرِهْتُ أَنْ أُحْرِجَكُمْ، فَتَمْشُوا فِي الطِّينِ وَالدَّحْضِ ")رواه الإمام البخاري والإمام مسلم(

яғный: Абдуллаҳ Ибн Ҳарис разыяллаҳу анҳудан рәўият қылынады, Ибн Аббас разыяллаҳу анҳу қатты жаўын жаўған күни муаззинлерге былай деди: **“Әшҳәду әллә иләҳәа иллаллоҳ”, “Әшҳәду әннә Муҳаммәдәр Росулуллоҳ”ты айтқаныңыздан кейин “Ҳаййә ъалас солаҳ”ты айтпаң, ал оның орнына үйиңизде намаз оқың деп айтың”. Сонда айырым адамлар буннан наразы болды. Ол киси: Бул гәпиме ҳайран қалдыңыз ба? Негизинде, буны меннен көре жақсырақ инсан яғный Расулуллаҳ қылған. Әлбетте жәмәәт намаз мусылманлар ушын қатаң тәризли ҳүким, бирақ мен сизлерди үйлериңизден шығып, ылайларды басып жүриўиңизди хош көрмеймен”,** деди

Имам Бухарий ҳәм Имам Муслим рәўиятлары.

Ҳаммеге мәлим, парыз намазларын жәмәәт пенен мешитте оқыўды жәриятымыз шақырған болып, адамларға қатты суўық, күшли жаўын жаўғанда яки инсанларға зыян жеткеретуғын жағдайларда жәмәәтке келместен үйде оқыўы усынылған.

Ҳәдиси шәрийфте оба шыққан жерге бармаў, егер оба тарқалған жерде өзи болса, ол жерден шығып кетпеў буйырылған. Бул кеселликтиң алдын алыў ушын ең жақсы илаж. Буның үстине жәмәәт орынларында ҳәм басқа үлкен жыйынларда бул вирустың тарқалыў итималы үлкен болады.

Жоқарыдағылардан келип шығып, Өзбекстан мусылманлары басқармасы Уламалар Кеңеси бәрше мусылманларды төмендегилерге шақырады:

1. Мәмлекетте эпидемиологикалық жағдай жақсыланғанша жума жума намазларының орнына үйде песин намазын оқысын. Соныңдай, бес ўақыт намазларды да үйлеринде оқысын.
2. Жаназа намазлары қайтыс болғанның жақын ағайинлери қатнасыўында үйлерде оқылсын.
3. Мешитлерде намаз ўақтын билдириў ушын азан өз ўақтында айтылсын.
4. Мөмин-мусылманлар имкан барынша кеселликтиң тарқалыўының алдын алыўға өз үлеслерин қоссын.
5. Ҳәр бир мусылман ибадатлар ҳәм дуўаларда Аллаҳ тааладан бул кеселликти жоқ етиўди сорап, ықлас пенен илтижа қылыўы лазым.
6. Динимиз пәкликке буйырар екен, кеселликтиң алдын алыў бойынша Ден-саўлықты сақлаў ўәзирлиги тәрепинен усынылған көрсетпелерге қатаң әмел етиў ҳәр бир мусылманның ўазыйпасы.
7. Карантин ўақтында мешитлер ҳәм таҳәратханаларда Ден-саўлықты сақлаў ўәзирлиги усыныслары тийкарында ўақты-ўақты менен дезинфекция ислери өткерилсин.
8. Бундай жағдайларда азық-аўқат, дәри-дармақ ҳәм басқа зәрүр нәрселердиң баҳасын асырыў, жасалма рәўиште жетиспеўшиликти келтирип шығарыў ҳәмде халық ортасында түрли ҳаўлықпалы хабарларды тарқатыў шәръан ҳарамдур.

Бул пәтўа вирус анықланған мусылман мәмлекетлер ҳәм басқа журтлардағы үлкен исламий шөлкемлер ҳәм уламалардың бул мәселедеги пәтўа ҳәм жуўмақларын есапқа алған ҳалда қабыл етилди.

Аллаҳ таала бул кеселликти тез күнлерде жоқ етиўди ҳәм де халқымыз турмысын тынышлық, парахатшылықта даўам етиўин несип етсин! Әмийн!

Миләдий: 16-март 2020-жыл.

Ҳижрий: 21-Ражаб 1441-жыл.

Өзбекстан мусылманлары басқармасы

Уламалар Кеңеси